

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, kacindekan tina ieu panalungtikan téh nya éta.

- 1) Kamampuh nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun téhnik CTL, hasilna kurang hadé tur kurang nyugemakeun. Tina hasil pratés anu jumlahna 40 siswa, hasil karangan anu luyu jeung pamaredih warna karangan dina soal aya saurang atawa 2,5%, hasil karanganna nu kurang cocog jeung pamaredih warna karangan aya 19 urang atawa 47,5%, sedengkeun hasil karanganna teu cocog jeung pamaredih warna karangan aya 20 urang atawa 50%.

Dumasar kana hasil pratés siswa, peunteun siswa nu pangleutikna nya éta 3,5 atawa 35% jeung peunteun nu panggedéna nya éta 7 atawa 70%, sedengkeun peunteun rata-rata kelompok siswa nya éta 5,42 atawa 54,2%.

Tingkat ngawasa siswa kana bahan pangajaran nulis (KKM) ditangtukeun 60%, siswa nu geus hasil ngawasa bahan pangajaran nulis saméméh dibéré perlakuan CTL nya éta 25 atawa 82,5% tina  $(\frac{25}{40} \times 100\%)$ , sedengkeun siswa nu can ngawasa bahan pangajaran nulis nya éta 15 atawa 37,5%  $(\frac{15}{40} \times 100\%)$ .

Hasil tina itungan uji normalitas nétélakeun yén  $x^2$  itung  $> x^2$  daftar nya éta  $-42,44 < 11,3$ . Jadi, distribusi skor pratés dina taraf kepercayaan 99% tétéla normal.

- 2) Hasil pascaté kamampuh nulis karangan éksposisi sabada ngagunakeun téhnik CTL geus sagemblengna luyu jeung pamaredih warna karangan sakumaha dina soal. Tina 40 siswa, hasil karangan anu luyu jeung pamaredih warna karangan dina soal aya 3 urang atawa 7,5%, hasil karangan nu kurang cocog jeung pamaredih warna karangan aya 29 urang atawa 72,5%, sedengkeun hasil karangan nu teu cocog jeung pamaredih warna karangan aya 8 urang atawa 20%.

Dumasar kana hasil pascaté siswa, peunteun siswa nu pangleutikna nya éta 3,5 atawa 35% jeung peunteun nu panggedéna nya éta 10 atawa 100%, sedengkeun peunteun rata-rata kelompok siswa nya éta 7,68 atawa 76,8%.

Tingkat ngawasa siswa kana bahan pangajaran nulis ditangtukeun 60%, siswa nu geus hasil ngawasa bahan pangajaran nulis sanggeus dibéré perlakuan CTL nya éta 33 atawa 82,5% tina ( $\frac{33}{40} \times 100\%$ ), sedengkeun siswa nu can ngawasa bahan pangajaran nulis nya éta 7 atawa 17,5% ( $\frac{7}{40} \times 100\%$ ).

- 3) Antara pratés jeung pascaté ngagunakeun téhnik CTL aya béda anu signifikan. Nilik kana hasil ngitung jeung katangtuan uji homogénitas, distribusi variansi data pratés jeung pascaté kaasup homogén ( $f_{itung} < f_{tabel}$ ,  $0,40 < 2,14$ ). *Mean* (rata-rata) antara pratés jeung pascaté nya éta 2,6 kalawan derajat kabébasan 39. Hasil uji béda dua rata-rata (t),  $t_{itung} = 14,44$ . Dina taraf kapercayaan 99%, mangka  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $14,44 > 2,62$ ), ku sabab  $t_{itung}$  leuwih gedé batan  $t_{tabel}$ , mangka bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascaté ngagunakeun téhnik CTL. Jadi,  $H_a$  (hipotésis kerja) bisa

ditarima dina nulis karangan éksposisi ngagunakeun téhnik CTL di kelas VII A SMP N 15 Bandung.

## 5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun nulis karangan éksposisi nu hususna ngagunakeun téhnik CTL jeung téhnik atawa métode-métode séjénna.

1. Perlu pisan diayakeun panalungtikan anu leuwih jembar dina pangajaran jeung métode séjénna, sangkan méré hal-hal anu anyar pikeun ningkatkeun mutu pangajaran.
2. Pikeun parapangatik, dina méré pangajaran sangkan ngagunakeun téhnik atawa métode anu inovatif. Sangkan, siswa teu monoton dina narima pangajaran basa Sunda.
3. Siswa kudu latihan nulis anu maké aturan bener saluyu jeung palanggaran éjahan dina basa Sunda sarta perlu dihudangkeun deui minat jeung karesepna dina nulis.

Mudah-mudahan ku saran anu ditepikeun tadi, bisa ngaronjatkeun deui mutu pangajaran basa Sunda hususna dina nulis karangan éksposisi.

